

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Unggal peserta didik téh unik miboga kodratna séwang-séwangan teu bisa disaruakeun antara hiji peserta didik jeung nu séjénna. Saluyu jeung anu diébréhkeun ku psikolog ti Rusia, Urie Bronfenbrenner (2019, kc. 157) yén unggal peserta didik miboga karakter, minat, bakat jeung kamampuhna séwang-séwangan gumantung kana kasang tukang budaya tempat maranéhna diasuh jeung dididik ku kolotna. Salaku aktor utama dina ngalaksanakeun prosés pendidikan guru kudu apal tur paham yén unggal peserta didik miboga karakteristik, minat, bakat jeung kamampuh anu béda-béda. Ku kituna, miboga kompetensi pedagogik anu hadé mangrupa sarat utama pikeun jadi guru. Lantaran kualitas pangajaran ditangtukeun ku kualitas guru dina ngamekarkeun kamampuh jeung poténsi diajar anak didikna (Pradina, 2021, kc. 4120).

Kamampuh jeung poténsi diajar peserta didik anu béda dilantarankeun ku kabutuhan diajarna anu béda ogé, Saperti dina kahirupan unggal jalma tangtu miboga kabutuhan anu béda-béda, kitu ogé dina prosés pangajaran unggal peserta didik miboga kabutuhan diajar anu teu sarua. Rahmat (2022, kc. 40) nétélakeun yén unggal peserta didik dina umur nu sarua miboga kasiapan diajar anu béda-béda ogé minat jeung cara diajar katut pangalaman hirupna ogé teu sarua. Ku kituna, dina Kurikulum Merdeka anu kiwari geus lumaku di unggal sakola guru miboga peran salaku fasilitator pangajaran kudu bisa nyiptakeun pangajaran anu museur jeung ngarojong peserta didik (*student centered*), sarta anu saluyu jeung kabutuhan diajar peserta didikna. Guru kudu néangan strategi tur model pangajaran anu bisa nyumponan kabutuhan diajar peserta didik, tapi lain hartina guru kudu ngalayanan 32 peserta didik dina sakelas maké 32 cara pangajaran anu béda-béda (Sopianti, 2022, kc. 3).

Tapi kenyataan di sakola masih réa guru anu nyaruakeun kaayaan peserta didik. Katitén tina panalungtikan anu dilaksanakeun ku Nurhayatih (2019, kc. 45) ngeunaan “Pengaruh Manajemen Pembelajaran Guru dan Gaya Belajar terhadap Kreativitas Belajar Siswa di SMP Yapensori Jakarta Utara”. Hasilna

nyebutkeun yén réa kénéh guru anu cara ngajarna monoton ngagunakeun hiji métode atawa teu divariasikeun dina cara ngajarna, sarta kurangna pamahaman guru ngeunaan tipe gaya diajar peserta didik antukna peserta didik kurang nyangkem pangajaran anu ditepikeun. Panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Kalangi,. Spk (2023, kc. 9382) nyebutkeun yén masih réa guru anu ngalaksanakeun prosés pangajaran kalayan konseptual sarta métodeu ceramah museur ka guru (*teacher centered*) antukna peserta didik jadi babari bosen sarta ngabalukarkeun leungit karep jeung karesepna kana éta mata pelajaran.

Sopianti (2022, kc. 5) ogé nyebutkeun héngkerna proses pangajaran dumasar kana kabutuhan diajar peserta didik dilaksanakeun di kelas, guru leuwih milih ngalaksanakeun pangajaran anu sarua sanajan dina kanyatanana nyanghareupan peserta didik anu miboga karakteristik jeung kamampuh anu béda-béda, boh kamampuh kognitif boh kamampuh psikomotorna. Saperti hasil observasi pra panalungtikan di SMPN 1 Pangandaran, panalungtik manggihan pasualan anu sarua ti mimiti kelas VII nepi ka kelas IX hususna dina pangajaran basa Sunda, guru masih ngagunakeun cara-cara heubeul dina ngalaksanakeun prosés pangajaranna maké métode ceramah jeung ngerjakeun pancén dina buku pakét kalayan cul budak sena anteng. Padahal kaayaan peserta didik di SMPN 1 Pangandaran 70% teu bisa basa Sunda lantaran basa indungna lain basa Sunda. Ieu hal dilantarankeun kondisi geografis Pangandaran anu jadi wates wangen jeung provinsi Jawa Tengah sarta sajarah ti karuhun-karuhunna réa nu kawin jeung urang Jawa nepi ka kiwari turunanana sapopoéna maké basa Jawa. Basa Jawa nu dipaké lain basa Jawa ngoko komo krama mah tapi basa dialék Banyumasan atawa Jawa Ngapak. Basa sapopoé anu digunakeun dilingkungan kulawarga téh mangaruhan pisan kana pangaweruh jeung kamampuh basa Sunda di sakola. Katitén tina héngkerna pangaweruh jeung kamampuh peserta didik dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda sapopoé di sakola boh nalika keur lumangsungna pangajaran di kelas boh keur aya di luar kelas.

Kasang tukang jeung kaayaan peserta didik anu basa indungna lain basa Sunda tangtu miboga kabutuhan diajar anu teu sarua jeung peserta didik anu basa indungna basa Sunda. Guru kudu bisa nyumponan kabutuhan diajar peserta didik anu béda-béda saluyu jeung kaayaan séwang-séwangan. Lantaran

nurutkeun Imbron (2021, kc. 6) yén hiji guru bisa disebutkeun suksés lamun bisa nyumponan kabutuhan diajar peserta didik sarta hasil diajarna nyugemakeun kalayan bisa ngahontal udagan pangajaranana. Salah sahiji faktor anu bisa nyumponan kabutuhan diajar peserta didik nyaéta profésionalitas jeung kréativitas guru dina milih metode, modél, média, pamarekan, sarta stratégi pangajaran anu digunakeun dina lumangsungna prosés pangajaran. Ku kituna diperlukeun pangajaran anu bisa nyumponan kabutuhan diajar peserta didik anu luyu jeung karakteristik, minat sarta kamampuh siswa anu béda-béda nyaéta pangajaran diférensiasi.

Pangajaran diférensiasi mangrupa hiji tarékah pikeun guru nyumponan kabutuhan diajar unggal peserta didik, lantaran pangajaran diférensiasi nya éta prosés diajar ngajar anu dina lumangsungna peserta didik bisa diajar materi pangajaran anu saluyu jeung kamampuh, minat jeung kabutuhan diajarna séwang-séwangan (Wahyuningsari. Spk., 2022; Lupita. Spk., 2022). Pangajaran diférensiasi nyaéta hiji strategi pangajaran anu miboga tujuan pikeun nyumponan kabutuhan diajar peserta didik dina lumangsungna prosés pangajaran di kelas (Herwina, 2021, kc. 177). Nurutkeun Tomlinson (1999, kc. 14) pangajaran diférensiasi nyaéta runtuyan kaputusan anu asup akal (*common sense*) anu dijieun ku guru museur kana kabutuhan diajar peserta didik. Ku kituna bisa dicindekkeun yén pangajaran diférensiasi téh nyaéta usaha guru dina ngalaksanakeun prosés pangajaran dumasar kana kabutuhan diajar peserta didik.

Réa panalungtikan anu ngaguar perkara pangajaran Diferénsiasi dina kagiatan pangajaran boh di SD boh di SMP kitu ogé di SMA atawa SMK. Saperti panalungtikan nu dilaksanakeun ku Laia, I. S. A., Sitorus, P (2022, kc. 321) anu judulna “Pengaruh Strategi Pembelajaran Diferénsiasi Terhadap Hasil Belajar Peserta Didik SMA Negeri 1 Lahusa”. Kacindekan tina éta panalungtikan nyaéta aya pangaruh anu signifikan perlakuan strategi pangajaran diferénsiasi di kelas ékspérimén kana hasil diajar siswa dina matéri usaha jeung energi di kelas X. Aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Suwartiningsih, S. (2021, kc. 94) judulna “Penerapan Pembelajaran Diferénsiasi untuk Meningkatkan Hasil Belajar Siswa pada Mata Pelajaran IPA

Pokok Bahasan Tanah dan Keberlangsungan Kehidupan di Kelas IXb Semester Genap SMPN 4 Monta Tahun Pelajaran 2020/2021” . Kacindekan tina éta panalungtikan nyaéta penerapan pangajaran diférensiasi bisa ngaronjatkeun hasil diajar IPA matéri taneuh jeung kahirupanana ka siswa kelas IX. Panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Ridwan,N., & Akib,I. (2023, kc. 328) judulna “Penerapan pembelajaran berdiférensiasi dalam mengatasi kesulitan belajar bahasa Indonesia peserta didik kelas IV SD”. Hasilna nétélakeun yén dina pangajaran diférensiasi kudu ngalaksanakeun heula asesmen diagnostik kognitif jeung non kognitif lantaran mangaruhan pisan kana lumangsungna pangajaran, ku kituna pangajaran diférensiasi kabuktian bisa ngungkulan pasualan dina pangajaran basa Indonesia siswa kelas IV SD.

Tina sababaraha panalungtikan di luhur, katitén yén pangajaran diférensiasi téh bisa ngaronjatkeun kana prosés diajar. Hanjakalna, anu patali jeung tatakrama basa Sunda mah can kungsi aya nu nalungtik. Ku kituna, perlu aya panalungtikan nu nyoksrok jero patali jeung pasualan nu karandapan dina ieu panalungtikan. Anapon panalungtikan patali jeung tatakrama basa ogé geus réa nu nalungtik diantaranya anu dilaksanakeun ku Ramdan (2022) anu judulna “Éféktivitas Média Pilem Animasi pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda”. Éta panalungtikan téh nalungtik kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda maké média pilem. Kacindekan tina éta panalungtikan nétélakeun yén kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa ngaronjat sabada ngagunakeun media pilem. Aya ogé panalungtikan nu dilakukeun ku Saputri (2014) “Téhnik Pangajaran Think-Talk-Write pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda dina Nulis Laporan”. Hasilna nétélakeun yén téhnik TTW bisa ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa dina nulis laporan. Panalungtikan nu dilakukeun ku Oktavian, T (2017) judulna “Hubungan Makéna Basa Sapopoé jeung Kamampuh Ngalarapkeun Tatakrama Basa dina Nulis Paguneman”. Hasilna nétélakeun yén euweuh hubungan nu signifikan antara makéna basa sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina nulis paguneman. Dumasar kana éta panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun, tangtu ieu panalungtikan téh aya bédana

jeung panalungtikan saméméhna. Ieu panalungtikan leuwih nyoko kana pangajaran diférensiasi dumasar kana kabutuhan diajar siswa dina ngaronjatkeun kaweruh tatakrama basa Sunda.

Nilik kana kasang tukang nu geus dipedar, perlu ditalungtik ngeunaan pangajaran tatakrama basa Sunda ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi minangka alternatif pikeun nyumponan kabutuhan diajar siswa dina ngaronjatkeun kaweruh ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Stratégi Pangajaran Diférensiasi dina Matéri Ajar Tatakrama Basa Sunda (Studi Ékspérimén ka siswa kelas VII SMPN 1 Pangandaran Taun Ajar 2023-2024)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu kapaluruh di luhur, yén aya sababaraha masalah anu nyampak, nyaéta:

- a. kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda peserta didik masih kénéh héngkér;
- b. stratégi pangajaran anu dipaké di sakola teu saluyu jeung karakteristik, poténsi, tur kabutuhan diajar peserta didik; jeung
- c. perlu dipikanyaho pangaruh strategi pangajaran diférensiasi dina pangajaran tatakrama basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan puguh ambahanana, masalah anu kaidéntifikasi di luhur satuluyna dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi?
- 2) Kumaha kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi pangajaran konvensional?

- 3) Naha aya béda anu signifikan ngaronjatna kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran anu ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi jeung stratégi pangajaran konvensional?
- 4) Kumaha tanggapan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran kana stratégi pangajaran diférensiasi dina matéri ajar tatakrama basa Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung nu geus dipedar dina rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadadarkeun éféktivitas strategi pangajaran diférensiasi dina matéri ajar tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 1 Pangandaran taun ajar 2023-2024.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun nyungsi jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- 1) kaweruh siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun strategi pangajaran diférensiasi;
- 2) kaweruh siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun strategi pangajaran konvensional;
- 3) bédana kaweruh siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran dina ngalarapkeun tatakrama basa Sunda antara nu ngagunakeun strategi pangajaran diférensiasi jeung strategi pangajaran konvensional;
- 4) tanggapan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran kana strategi pangajaran diférensiasi dina matéri ajar tatakrama basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya dua mangpaat tina ieu panalungtikan, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban ulikan tiori ngeunaan stratégi pangajaran diférensiasi dina pangajaran basa Sunda. Lian ti éta, bisa ngalegaan pangaweruh tur ngasongkeun gambaran ngeunaan dilarapkeunana stratégi pangajaran diférensiasi dina matéri tatakrama, husuna tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 1 Pangandaran taun ajaran 2023-2024.

1.4.2 Mangpaat Praktis

a. Mangpaat pikeun siswa

Siswa dipiharep bisa leuwih kairut jeung aktip dina pangajaran tatakrama basa Sunda. Sajaba ti éta, siswa bisa leuwih nyangkem jeung resep diajar tatakrama basa Sunda. Ku kituna, siswa bisa leuwih babari dina ngahontal tujuan pangajaran.

b. Mangpaat pikeun guru

Ngasongkeun gambaran pikeun guru dina milih stratégi pangajaran anu saluyu jeung karakteristik, poténsi ogé kabutuhan diajar siswa sangkan bisa ngahudang karep diajar siswa tur mantuan guru dina nepikeun matéri kalawan leuwih variatif.

c. Mangpaat pikeun lembaga

Ieu panalungtikan bisa mekarkeun stratégi pangajaran tatakrama basa Sunda di sakola, ogé ngaronjatkeun préstasi sakola dina kagiatan diajar-ngajar, pangpangna dina pangajaran basa Sunda.

d. Mangpaat pikeun panalungtik

Panalungtik bisa ngalegaan pangalaman jeung ngawewegan pangaweruh ngeunaan stratégi pangajaran anu hadé pikeun dilarapkeun dina pangajaran tatakrama basa Sunda di sakola. Salian ti éta, ogé bisa dijadikeun titik pamiangan pikeun ngayakeun panalungtikan séjénna ngeunaan pangajaran diférensiasi dina pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun tesis. Ieu tesis téh disusun jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah dumasar kasang tukang sarta rumusan masalah dina sababaraha kalimah pananya, tujuan panalungtikan medar tujuan panalungtikan umum jeung husus, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II ngawengku ulikan tiori, ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis. Dina ulikan tiori ngawengku tiori stratégi pangajaran diférensiasi, tatakrama, pangajaran tatakrama dina kurikulum merdéka, jeung stratégi pangajaran diférensiasi dina matéri ajar tatakrama basa Sunda.

BAB III métode panalungtikan, anu eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan strategi pangajaran diférensiasi dina matéri ajar tatakrama basa Sunda siswa kelas VII di SMPN 1 Pangandaran taun ajar 2023/2024.

BAB V kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun.